



Haiti

Programmation radio en réponse au CoViD-19
Apprentissage social et émotionnel
Développement de la petite enfance et atelier pour les parents

Structure des sessions de programmation des émissions radio

Activité	Duration	Les membres nécessaires
Chanson d'introduction	3 minutes	M. Standley et Mme Roseline
Sek Matine -introduction du thème -discussion du concept -activité physique associée au thème -revue du concept -Lecture à voix haute	20 minutes	M. Mckenzy et 2 enfants
Atelier pour les parents -introduction du thème -discussion du concept -stratégie -section de questions et réponses des parents	20 minutes	Mme Philocie et trois parents des ateliers version zéro
Clôture de programme		



Haiti

Contenu et déroulement de la programmation

	Thème SEL	Livres pour lecture à haute voix	Thème de l'enseignement préscolaire	Thème de l'atelier pour les parents	Commentaires
<i>Première session</i>	Sens du soi	Pou ki sa mwen li? (EducaVision)	Je suis intelligent / Je peux faire tout ce que je veux	premiers 1 000 jours de la vie	
<i>Deuxième session</i>	Compétences relationnelle	Ana ak Tiga toujou di bonjou ak mès Yon Renmen ki san limit (EducaVision)	Respecter les parents	Importance de relation parent-enfant	
<i>Troisième session</i>	Comprehéhension émotionnelle	Fanmiy Maya Andèy (Dechamps)	Séparation	Qu'est-ce que le stress ? / stratégies en cas de difficultés	
<i>Quatrième session</i>	Acceptance	Ala yon Ratoutou sa a ! (Dechamps)	Similaires et différents	Comprendre le tempérament et façon dont il vous affecte, vous et votre enfant	
<i>Cinquième session</i> (Mme Alexandre)	Auto-direction	Fidex veut jouer (Dechamps)	jouer à faire semblant jouer ensemble	Importance du jeu	



Haiti

<i>Sixième session</i>	Sens du soi / pensée critique	Istwa Bourik Madan Pòl la (EducaVision)	Comment utiliser vos mots pour exprimer votre opinion	Encourager les activités linguistiques et la communication	
<i>Septième session (Mme Jean)</i>	Autogestion	Maya ap goumen (Dechamps)	Sentiment de colère	Discipline positive	
<i>Huitième session (Mme Jean)</i>	Autogestion	Ana ak Tiga antann yo byen	Différents genres de sentiments	Les châtiments corporels	
<i>Neuvième session (Mme Alexandre)</i>	Résilience	Istwa lapen ak tòti (Fab Jean de la Fontaine)	Exercice de respiration - comment se calmer quand on est bouleversé	Évaluer les capacités d'adaptation	
<i>Dixième session (Mme Meze)</i>	Résilience	Beniswa Chanpyon Vitès (Dechamps)	Façon pour laver les mains et rester propre	Santé physique	
<i>Onzième session (Mme Jean)</i>	Compréhension émotionnelle	Babas te pè tout bon (Dechamps)	Stratégies pour émotions	Développement du bien-être	



Haiti

<i>Douzième session</i> (Mme Meze)	Résilience	Mango Dayiti (Louis Wilnès)	Je suis intelligent / Je peux faire tout ce que je veux	Histoires à succès	
---	------------	--------------------------------	---	--------------------	--



Haiti

Chan ak aktivite pou emisyon Tablo aktivite yo

#	Aktivite
1	Animatè ya ap mande timoun k ap koute lakay pou yo trase yon liy atè ak lakrè oswa chabon epi envite yo mache sou li pandan yon minit. L ap mande timoun ki man estidyo a ak li yo si aktivite sa a te parèt yo difisil.
2	Animatè ya a mande timoun yo pou kanpe ak de men yo anlè epi l ap di yo suiv konsiy le pral bay yo. L ap di yo mete men yo : sou tèt nou, sou zepòl nou, sou tay nou, fè yo touche zòtèy nou. L ap rekòmanse pandan l ap di konsiy yo pi vit.
3	Animatè a ap envite timoun ki lakay yo pou pran yon boul oswa nenpòt bagay ki fòm won pou yo mete l nan mitan de jenou yo epi mache ak li pandan yo minit. L ap mande timoun ki estidyo a si egzèsis sa a te difisil
4	Animatè ap mande timoun yo pou yo plen bouch yo ak lè epi kenbe lè ya pandan yon minit avan jete l. L ap mande yo repete egzèsis sa twa fwa. Epi l ap mande timoun ki nan estidyo nan ki moman egzèsis sa a ka ede yo(repons: Kalme tèt yo)
5	Animatè ap mande timoun konte de 1 a 5 ak kè pati nan kò yo.(Tèt, men dwat, men goch, tay, pye dwat, pye goch)
6	Kounye a timoun nou pral jwe ak koulè yo men n ap itilize legim ak fwi yo. Tande konsiy yo byen. Site kèk fwi ki gen koulè vèt{(zaboka,) legim ki gen koulè violet,(berejèn) fwi ki jòn,(fig) legim ki wouj (tomat) elatriye .Nou pare
7	Timoun yo nou pral jwe ak kèk son nou konnen deja. Tande konsiy yo byen pou pa pèdi : M ap di yon mo pou jwenn son ki manke ladan lan pou nou konplete : Nou pare Pa (pi) yon – m (an) ba – avy(on) – (an)tènn – do(mi)no Nòt son ki nan parantèz la se li animatè a pap di



Haiti

Tablo chan yo

	Preskolè	Fondamantal
Franse	Sur le pont d'Avignon, https://comptines.tv/sur_le_pont_d_avignon	Je suis au CP - Danse des Titounis https://g.co/kgs/WukQ8f
	Pirouette, cacahuète - Il était un petit homme https://youtu.be/9Rz8gTYEt4	J'ai perdu une dent https://youtu.be/vzELW8ZzC_A
	éléphant qui se balançait : https://youtu.be/BIRRzeGaKIQ	Je marche, Je marche https://ekldata.com/FbGDFJdrIjS6AbZahfo5Rkul.mp3
	Alouette, gentille alouette https://youtu.be/udFLaqqKMDk	Mille fois https://ekldata.com/c91KL8Ky9i_Evrmy72Te9NU8ZjY.mp3
Kreyòl	Mayi a nan solèy	Chapo mwen tonbe nan lanmè
	Tonton Bouki w ap dòmi	Yaya, Ti Wowo e Banda ale larivyè
	Ti zwazo kote wa prale	Tonton Bouki e wa e wa
	Yon bèl ti wob	zanmi mann man nan



SESYON 1

Tèm semèn nan	Objektif pou Semèn nan
Konfyans nan pwòp tèt ou.	Nan fen semèn nan elèv yo ap kapab gen konfyans nan pwòp tèt yo.
Vokabilè	Materyèl yo
<ul style="list-style-type: none">- Konfyans nan pwòp tèt : kalite yon moun genyen kif è li kwè nan tèt li.- Valè : se estim ak konsiderasyon ou genyen pou tèt ou epi pou lòt moun.- Fyète : Se yon santiman ki eksprime plezi ak satisfaksyon.	<p>✓ MAKÈ, FÈY BLANCH, KREYON KOULÈ</p> <p>Liv pou lekti awotwa :</p> <ul style="list-style-type: none">• Pou ki sa mwen li? (EducaVision)
Apèsi sou Pwosedè	
Leson 1 : Animatè a ap ede timoun yo kwè nan tèt li toutpandan li ap mete idantite pèsònèl li an valè. Repriz leson 1. Leson 2 : Animatè a a ap ede timoun yo idantifye tretman yo dwe jwenn lè yo fè dezòd. Repriz leson 2 Revizyon.	
Rasyonèl	
Nan semèn nan elèv yo ap dekouvri kòman yo ka rive devlope konfyans nan pwòp tèt yo.	
Suivi avèk Pwofesè yo	
Se la animatè a a ap reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase ? Kisa yo bezwen amelyore ? kisa yo te remake ? Elatriye. Kisa ou ka fè pou diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kilti ak kapasite pou pran angajman)?	



Leson 1	Leson 2	Revizyon leson 1 ak 2
----------------	----------------	------------------------------

Tèm semèn nan : Konfyans nan pwòp tèt ou.
 Pwofesè a ap li liv « Kwè nan tèt ou » pou timoun yo.

<p>Salitasyon P. Bonjour klas! Byenvini! Kòman nou ye? Mwen kontan wè nou. Semèn pase a nou te pale de manje ak lòt bagay ki espesyal pou peyi a, maten an nou pral fè salitasyon sou konfyans nan pwòp tèt ou. Pou nou fè sa n ap deplase tankou kana (M ap mete 2 do men mwen sou dèyè mwen epi mwen louvri janm mwen.) epi n ap di kamarad nou an : ou wè jan m bèl maten an ? - Kite m fè yon modèl pou nou : Konsiy : lè m di kana plonje nan dlo : n’ap deplase tankou kana pou n al salye lòt la pandan n ap di 1 : ou wè jan m bèl maten an ? lè m di kana dandine: n ap tounen nan plas nou.</p>	<p>(Repriz Leson 1)</p>	<p>Salitasyon P. Pwofesè a ap bay timoun fè yon koloryaj lavèy P. Bonjour klas! Byenvini! Kòman nou ye? Mwen kontan wè nou. Yè nou te fè yon bèl ti desen. Maten an nou pral fè salitasyon sou ti desen sa. Pou nou fè sa n ap deplase pandan n’ap fè kri poul : kòt, kòt, kòt, kòt..... epi n ap di kamarad nou an ki koulè desen nou an genyen ladann. - Kite m fè yon modèl pou nou : Kòt kòt kòt Bonjour Mariz, desen mwen an te gen koulè ble. Konsiy : lè m frape men m yon fwa n’ap deplase pandan n’ap fè kri poul : kòt, kòt, kòt, kòt..... n ap salye lòt la epi n ap di kamarad nou an ki koulè desen nou an te genyen. Lè m frape men m 2 fwa n ap tounen nan plas nou.</p>	<p>(Repriz Leson 2)</p>	<p>ANIMATÈ a ap fè yon salitasyon nan youn nan salitasyon li te fè nan semèn nan. Si li vle, li ka fè yon lòt.</p> <p>Liv pou lekti awotwa :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pou ki sa mwen li? <p style="text-align: center;">(EducaVision)</p> <p>De kesyon pou konpreyansyon oral</p>
---	-------------------------	---	-------------------------	--



Haiti

<p>Pataj P : Maten an nou pral fè pataj la sou fason nou wè tèt nou. P : M ap fè yon modèl pou nou. Lè m fin pataje n ap di : « Waw » P : Mwen genyen yon bèl koulè po, m gen bèl cheve nwa ak je mawon” -Elèv : « Waw »</p> <p>P : Pwofesè a ap chwazi 3 oubyen 4 elèv li estime ki manke konfyans nan tèt yo pou pataje.</p>		<p>Pataj P : Ole, ole, timoun mwen yo nou pral pataje sou kijan nou ta renmen yo trete nou. Eske nou ta renmen yo joure, bat oswa pini nou, nou dakò. P : Ebyen nou pral di kijan nou vle pou yo trete nou. M pral fè yon modèl lè m fini n ap di : « Sa bon nèt » P : Mwen renmen lè manman m mete m sou janm li pou pale ak mwen lè m dezobeyi l. Elèv : « Sa bon nèt »</p> <p>P : Pwofesè a ap chwazi 3 oubyen 4 elèv li estime ki manke konfyans nan tèt yo pou pataje.</p>		
<p>Aktivite Gwoup P : Nou rive nan aktivite gwoup la. Nou te pale nan salitasyon ak pataj sou jan nou kwè nan tèt nou. P : Gen moun ki gwo, wo, kout, mèg, Genyen ki gen po klè oubyen fonse, gen lòt ki entelijan, anbisyè(renmen fè pwogrè) ak anpil anpil lòt bagay ki ka fè yo kwè nan tè yo oswa santi yo enferyè:</p>		<p>Aktivite Gwoup P : Nan pataj la nou sot di tout sa nou pa renmen pou yo di oswa fè nou ki ka fè nou pa kwè nan tèt nou. P : Nan aktivite gwoup maten an nou pral fè yon desen ki eksprime sa nou santi lè yo di nou yon bagay ki pa fè nou byen. P : Banm fè yon modèl pou nou. P : Felisitasyon tout moun, mwen byen kontan jan nou eksprime nou nan desen sa yo. Nou pral kole yo nan klas la pou</p>		



Haiti

<p>P: Chak moun pral di poukisa yo kwè nan tèt yo. Tout moun ki gen menm rezon yo ap mete yo menm kote pou yo pale antre yo sou sa ki fè se pou rezon sa ki fè yo kwè nan tèt yo.</p> <p>P: Mwen pral fè yon modèl pou nou.</p> <p>P : Bravo, mwen kontan tande tout rezon ki fè nou kwè nan tèt nou.</p>		<p>m ka sonje kisa ki travèse nou lè nou pa kontan.</p>		
---	--	---	--	--

Eslogan: Mwen renmen tèt mwen jan mwen ye a !

Atelye pou paran pou pwogram radyo



Haiti

Sesyon 1 ak 2	
Tèm semèn la	Objektif pou Semèn lan
1. Premye 1,000 jou nan lavi yon timoun 2. Enpòtans relasyon paran ak pitit	Nan fen semèn nan timoun yo ap kapab konnen enpòtans disiplin pozitif epitou idantifye plizyè fason yo kapab jere tèt yo nan lekòl yo, nan fanmiy yo, ak fason yo kapab jere kolè yo.
Rasyonèl	
Note:	



Haiti

Sesyon 1

Entwodiksyon (10 mins)

A: Byenveni nan premye sesyon pami 12 sesyon atelye wòl paran. Mwen kontan rankontre nou poun gade ansanm jwa ak defi wòl paran an gen ladan. Nou pral aprann enpòtans e pi gade pou pi devan pou satisfè ou ak navige nan mitan jwa yo ak defi ki vini ak levasyon timoun. Ou pral aprann enpòtans sa genyen lè nou etabli yon fondasyon solid pou pitit ou, sa ki pral fè l gen siksè nan nivo akademik, sosyal ak emosyonèl. Dabò m ap prezante tèt mwen, non mwen se _____.

Premye 1,000 jou yo ak devlopman sèvo a . Nou sijere pou pati sa se maniskri : Premye 1,000 jou yo nan lavi yon timoun kòmanse pandan gwosès. WI, ou bati fondasyon moun pitit ou a pral ye alavni an anvan menm ou kenbe tibebe w la fizikman nan bra ou. Selil sèvo pitit ou yo konekte youn ak lòt. Selil sèvo sa yo kap devlope a ka vin pi fò oswa pi fèb selon eksperyans ak anvivònman timoun nan. Yon majorite nan koneksyon sèvo ti bebe w la fèt apre nesans ak pandan twa premye ane yo nan lavi yon timoun.

Kòm paran, kisa nou ka fè pou asire timoun nou yo kòmanse lavi yo sou pi bon fondasyon posib pou siksè? Se pral pwon fokal nou pandan sesyon sa ak sa k ap vin apre yo.

Atelye pou paran pou pwogram radyo



Eksperyans yon timoun pandan premye ane lavi li yo gen yon rezilta pèmanan sou chapant devlopman sèvo li. Jènetik ki soti nan ras fanmi li se tankou premye desen yon plan kay. Men se eksperyans timoun nan fè ki pral detèmine si sèvo li pral gen yon fondasyon solid oubyen si li pral frajil pou aprantisaj li, konpòtman li ak sante li nan lavni. Pandan peryòd enpòtan sa nan devlopman sèvo timoun nan, genyen de milya selil nan sèvo a ki rele NEWÒN, ki sèvi ak siyal elektrik pou yo kominike youn ak lòt.

Newòn yo gen pou yo fòme yon seri sikwi, tankou chema ki kreye fondasyon pou chapant sèvo a. Sikwi ak koneksyon sa yo-miltipliye rapid rapid epi yo vin ranfòse lè timoun nan kontinye sèvi avèk yo.

Selon anviwònman an ak eksperyans timoun nan fè, genyen koneksyon ak sikwi ki vin sèvi pi souvan. Koneksyon ki sèvi pi souvan yo vin pi solid, pi djanm, pi pèmanan. Gen lòt koneksyon ki vin ap efase lè yo pa itil. Se yon pwosesis nòmal ki tankou lè w ap taye branch bwa. Sikwi newòn yo ki sèvi anpil yo li vin fòme yon seri chemen elektrik rapid rapid ki ap kouri nan tout diferan rejyon sèvo a. Gen de sikwi senp ki fòme anvan an premye epi ki vin tounen fondasyon pou sikwi pi konplike yo ki pral konstwi sou yo pi ta.

Se pwosesis sa a ki fè newòn yo trese youn ak lòt epi fè sikwi ak koneksyon pou vizyon, santiman, motrisite, kontwòl konpòtman, rezònman lojik, langaj, ak memwa pandan premye ane yo, ki se moman kritik nan devlopman timoun nan. Sikwi ki travay pi plis yo vin tounen pi pèfòman epi y ap konekte ak lòt rejyon nan sèvo a pi rapid. Menm lè yon sikwi kòmanse nan yon rejyon nan sèvo a, tout sikwi yo nèt konekte youn ak lòt. Timoun nan pa ka devlope yon ladrès nan yon sèl domèn san li pa gen lòt domèn pou sipòte li. Se tankou lè w ap konstwi yon kay. Tout materyo nan kay la mare youn ak lòt, men fondasyon an se travay ki fèt an premye a, se li ki pou kenbe tout sa ki vin apre.



Estrateji pou Paran yo (5 mins)

Èske w te konnen peryòd ki pi rapid nan kwasans nan sèvo a se dènye trimès la nan gwosès ak twa premye ane yo nan lavi? Timoun ki gen granmoun ki ba yo lanmou ak swen toutan pandan ane kritik sa yo devlope yon bon jan imaj pwòp tèt yo, gen pi bon lang, ladrès mantal ak sosyal. Ann gade videyo sa a pou n ka pi byen konprann pwosesis devlopman sèvo a ak enpòtans wòl ou nan devlopman pitit ou a.

- Lè ou manyen ak pale avek pitit ou, ou ede tibebe a aprann. Koute epi repete son tibebe ou fè. Kenbe men timoun ou dousman epi lè li souri, souri avek li. Manyen tandr ou konbine avèk "langaj ti bebe" sa a se premye etap nan konvèsasyon avek timoun ou.
- Li yon liv oswa rakonte yon istwa bay ti bebe ou chak jou - nan lang ki mache pi byen pou ou.
- Ti bebe ou renmen tande vwa ou menm si ou panse ou pa ka chante! Son an nan vwa ou se konfò pou tibebe w la. Lè ou chante menm chan sa a ka ede ti bebe w lan santi l kalm e an sekirite.

Kesyon ak repons ak paran yo (10 min)

A: Quelles sont les principales responsabilités des parents en ce qui concerne les soins aux enfants en bas âge ? Quels sont les domaines dans lesquels ils ont confiance en eux en tant que parents ?



SESYON 2

Tèm semèn nan	Objektif pou Semèn nan
Kreye relasyon	Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab kreye relasyon ak moun nan kominote li.
Vokabilè	Materyèl yo
Kreye: pran inisyativ pou fè yon bagay. Relasyon: Se lyen ki genyen ant moun ak moun (bèt, lanati).	Fèy blanch, kreyon nwa, kreyon koulè, postè ki genyen fwi lokal. Liv pou lekti awotwa : <ul style="list-style-type: none">• Maya ap goumen (Dechamps)
Apèsi sou Pwosedè	
Leson 1: Animatè a ap ede timoun yo devlope kapasite yo pou li kreye bon relasyon ak lòt kamarad li. Repriz leson 1.. Leson 2: Animatè a ap ede timoun yo devlope kapasite yo genyen pou kreye relasyon lè yo aprann salye moun . Repriz leson 2. Revizyon.	
Rasyonèl	
Nan semèn nan, elèv la ap kapab kreye relasyon ak moun nan kominote li	
Suivi avèk Pwofesè yo	
Se la animatè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase? Kisa yo bezwen amelyore? Kisa yo te remake? Elatriye. Kisa ou ka fè pou diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kapasite pou pran angajman)?	



Leson 1	Repriz Leson 1	Leson 2	Repriz Leson 2	Revizyon leson 1 ak 2
Kreye relasyon yo				
<p>Salitasyon</p> <p>P. Bonjou tout timoun! Kòman nou ye? Mwen kontan wè nou tankou chak lendi maten. Pandan semèn nan nou pral pale sou kijan pou nou viv byen youn ak lòt nan kreye bon relasyon.</p> <p>P : Maten an nou pral fè salitasyon ak kri poul : « kòt, kòt kòt » epi n ap gade ti zanmi nou nan je n ap di l yon bèl bonjou epi mande l kòman li ye.</p> <p>P : Mwen pral fè yon modèl pou nou.</p> <p>P : « Kòt, kòt, kòt bonjou Matin kòman ou ye ? »</p> <p>Konsiy : Lè m di « kòman nou ye, kòman nou ye ? n ap deplase epi lè mwen di èske n ap kenbe n ap tounen nan plas.</p>		<p>Salitasyon</p> <p>P. Bonjou tout timoun mwen yo. Kòman nou ye? Mwen kontan wè nou. Maten an nou pral fè salitasyon ak chapo ba.</p> <p>P : Nou ap di ti kamarad nou an yon bonjou ak kè nou, n ap fè l konpliman pou jan li te patisipe nan sèk matine yè a, epi lè w ap tounen nan plas ou w ap fè chopa ba pou li.</p> <p>P : M pral fè yon modèl pou nou.</p> <p>P : « Bonjou Sebastyen konpliman pou patisipasyon ou yè. Chapo ba, chapo ba.</p> <p>Konsiy : Lè m retire chapo ki nan tèt mwen an m mete l atè a n ap kòmanse. Kou mwen ranmase chapo a m mete l sou tèt mwen ankò n ap tounen nan plas nou.</p>		<p>ANIMATÈ a ap fè yon salitasyon nan youn nan salitasyon li te fè nan semèn nan. Si li vle, li ka fè yon lòt.</p> <p>Liv pou lekti awotwa :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Maya ap goumen (Dechamps) <p>De kesyon pou konpreyansyon oral</p>



Haiti

<p>Pataj P : Nou rive nan moman pataj la. Maten an nou pral pataje sou konpòtman nou ta dwe genyen lè nou kontre ak timoun ki nan lòt lekòl sou wout la lè n ap vin lekòl.</p> <p>P : Toujou di kòman pou yo reyaji pou lè nou fin pataje .</p> <p>P : Mwen pral fè yon modèl pou nou. Lè m fin pataje n ap di : « Se konsa pou nou toujou fè l »</p> <p>P : « Maten an mwen rankontre ak kèk timoun nan lòt lekòl, mwen di yo bonjou, mwen renmen wè nou anpil. Mwen di yo non mwen ».</p> <p>P : Kisa pou nou di pou mwen : « Se konsa pou nou toujou fè l »</p>		<p>Pataj P : N ap kontinye fè pataj la sou kreye relasyon. Maten an nou pral prezante nou ak lòt moun ki se youn nan premye jès pou kreye bon relasyon.</p> <p>P : Pa bliye di kòman pou yo reyaji pou ou lè ou fini.</p> <p>P: Mwen pral ban ou yon egzanp. Lè m fini n ap di: “ Bon bagay”</p> <p>P: Mwen rele Nadin, mwen nan seksyon gran yo. E ou menm ?</p> <p>P: Mwen pral pase boul lapawòl pou nou kòmanse. Nan men moun mwen pa konte ankò a se li menm ki pral chwazi yon kamarad pou li pataje.</p>		
<p>Aktivite Gwoup P : Pou aktivite gwoup maten an, nou pral deplase ale chèche moun ki pa zanmi nou pou nou fòme ti gwoup k ap gen 4 moun ladann. M ap bay chak gwoup yon desen pou kolorye. Gwoup ki fini anvan an se li k ap genyen.</p> <p>P : Kite mwen fè yon modèl pou nou.</p>		<p>Aktivite Gwoup P : N ap kontinye fè aktivite sou kreye relasyon. Pou sa fè, nou pral site kèk aktivite yon sèl moun pa ka fè poukont li. Repons elvè yo : danse, jwe foutbòl elatriye... P : Lè nou fin site yo, nou pral chwazi youn nan yo pou nou fè ak yon moun nou pa gen anpil abitud ak li.</p>		
<p>Eslogan : An nou viv ansanm !</p>				



Sesyon 2

Entwodiksyon (10 mins)

A: Byenveni nan dezyèm sesyon pami 12 sesyon atelye wòl paran. Mwen kontan rankontre nou poun gade ansanm jwa ak defi wòl paran an gen ladan. Nou pral apran enpòtans e pi gade pou pi devan pou satisfè ou ak navige nan mitan jwa yo ak defi ki vini ak levasyon timoun. Ou pral aprann enpòtans sa genyen lè nou etabli yon fondasyon solid pou pitit ou, sa ki pral fè l gen siksè nan nivo akademik, sosyal ak emosyonèl. Dabò m ap prezante tèt mwen, non mwen se _____.

Jodi a m'ap pale sou kèk ti aktivite byen senp ou ka fè pou ou ede pitit ou aprann. Ou se premye pwofesè pitit ou e se sa ki fè ou gen chans pou ou fè tout sa ou kapab pou ede pitit ou reyisi.

Eske ou konnen 85 pousan nan devlopman sèvo yon timoun fèt anvan li gen senk lane?

Yon relasyon aktif ak pitit ou ap non sèlman fè kè li kontan, men l ap konstwi baz devlopman entelijans li. Pale, anbrase, ak ankouraje pitit ou. Sa a ape de bati fondasyon sosyal ak emosyonal li.

Atelye pou paran pou pwogram radyo



Haiti

Relasyon ti bebe w la avèk ou gen yon gwo enpak sou sante mantal, fizik, sosyal ak emosyonèl li alavni. Fòs relasyon ou ak bebe w la se prensipal endikatè siksè pitit ou a nan lekòl ak nan lavi. Petèt ou déjà ranpli yon travay ki ap bati relasyon ak pitit ou a. Men, paske anpil nan pwoblèm nou genyen nan peyi nou an, li ka difisil pou pase tan avèk pitit ou a toujou. Nan plizyè sitiyasyon, lè yon ti bebe manke entèraksyon fizik ak emosyonèl san rete ak paran li, li gen pou l pa chèche repons nan men paran l ankò. Lè yon ti bebe pa gen kontak fizik ak emosyonèl nesèsè ak paran an, sa ka konsidere kòm yon neglijan. Neglijan fizik la vle di lè timoun nan gen nesite debaz nan lavi tankou manje ak rad. Neglijan emosyonèl se lè manke sipò emosyonèl, tankou sekirite emosyonèl ak ankourajman. Malerezman, lè gen mank kontak fizik ak emosyonèl ak paran an timoun nan vin pa gen eksperyans aprantisaj bonè tankou manyen, pran sant, son, elatriye, sa vin fè timoun nan pa ka kreye lyen afektik ak yon granmoun li fè konfyans. Lè sa a, piti piti ti Bebe yo sispann kominike konpòtman yo (kriye, souri, gade paran yo, elatriye), Lè sa a, devlopman yo ralanti, epi yo vin pa kapab reyisi nan nivo emosyonèl ak akademik.

Se poutèt sa atachman enpòtan lè w ap konsidere relasyon avèk pitit ou. Gen de kalite atachman: solid ak enstab

Yon atachman solid pèmèt pitit ou a santi l an sekirite, l ap santi moun konprann li, l ap santil vreman kalm pou devlope sistèm nève l yo. Sèvo pitit ou a k ap devlope a ou a òganize l pou l bay pi bon baz yo nan lavi: yon santiman sekirite ki fè yo vle aprann, yon bon konsyans tèt yo, konfyans ak senpati yo.

- Lè yon timoun resevwa yon atachman solid ak youn oswa plizyè granmoun pandan premye 1,000 jou yo, yo vin pi obeyisan, yo goumen mwens avèk lòt timoun epi an jeneral yo pi amikal.
- Timoun yo gen mwens pè lè yo gen yon relasyon solid ak yon moun yo ka konte sou li.
- Yon atachman enstab pa satisfè bezwen sekirite, konpreyansyon, ak bezwen kalm pitit ou a, a k ap anpeche sèvo timoun nan k ap devlope a òganize tèt li nan pi bon fason.

Atachman enstab ap anpeche devlopman emosyonèl, mantal e menm fizik, sa ki pral debouche sou difikilte nan aprantisaj ak difikilte nan etabli relasyon nan lavi pita.

Atelye pou paran pou pwogram radyo



Bagay ou dwe sonje:

Sonje eksperyans antrene sèvo a. Se poutèt sa li enpòtan pou ankouraje pitit ou pozitivman lè li toujou yon ti bebe.

Ekspresyon vizaj - Figi ou kapab ekspri anpil emosyon san ou pa di yon mo. Si ekspresyon ou a se kalm ak atantif lè ou kominike ak pitit ou a, li pral santi l an sekirite. Men, si figi ou sanble enkyete, fache, tris, pè oswa distrè, pitit ou a ap kapte emosyon negatif sa yo epi l pral santi l estrese, vilnerab ak ensèten.

Ton vwa - Menm si pitit ou a twò piti pou konprann mo ou itilize yo, li ka konprann diferans ki genyen ant yon ton piman bouk, endiferan ak yon ton ki transmèt sansibilite, enterè, enkyetid ak konpreyansyon. Lè w ap pale ak timoun ki pi gran, asire w ton ou sèvi a matche ak sa ou di.

Manyen - fason ou touche pitit ou a transmèt eta emosyonèl ou – menm si ou vijilan, kalm, sansib, dekontrakte, fache epi disponib. Fason ou benyen, soulve oubyen pote bebe w la, oswa fason ou bay pitit ou ki pi gran yon bon akolad, jan w manyen l dous sou bra l oswa jan w tape do l pou w ba l yon asirans ka transmèt anpil emosyon bay pitit ou a.



Estrateji pou Paran yo (5 mins)

Ki jan pou mwen kreye yon bon atachman ak ti bebe mwen ?

- Konsole tibebe ou chak fwa li kriye. Lè tibebe w la kriye, li se yon siyal ke li bezwen ou ba li manje, konfò oswa rasire tèt li.
- Pale nan yon kalite vwa bon ak dou. Konekte avèk ti bebe ou lè w souri, chante, rakonte istwa, oswa pale ak yon vwa ki mou ak konfòtab.
- Kenbe atant reyalis pou tibebe w la. Ti bebe w la pa ka kalme oswa di ou vèbalman sa li bezwen jiskaske li gen plis pase yon lane. Jouk lè sa a, li pral antyèman jiska ou ede l'.
- Bay timoun ou tout atansyon ou tanzantan pandan tout jounen an. Sa ka vle di ke ou lib nan distraksyon tankou telefòn selilè ak televizyon.

Kesyon ak repons ak paran yo (10 min)

A : Endike enpòtans bon kominikasyon pou devlope yon relasyon solid ak pozitif ak pitit ou a. Eksplòre fason pou koute epi reponn ki ka amelyore relasyon ou avèk pitit ou.



Haiti

Revizyon 1ak 2 : revizyon konsèp yo

Entwodiksyon (10 mins)

A: Byenveni nan dezyèm sesyon pami 12 sesyon atelye wòl paran. Mwen kontan rankontre nou poun gade ansanm jwa ak defi wòl paran an gen ladan. Nou pral apran enpòtans e pi gade pou pi devan pou satisfè ou ak navige nan mitan jwa yo ak defi ki vini ak levasyon timoun. Ou pral aprann enpòtans sa genyen lè nou etabli yon fondasyon solid pou pitit ou, sa ki pral fè l gen siksè nan nivo akademik, sosyal ak emosyonèl. Dabò m ap prezante tèt mwen, non mwen se _____.

Jodi a nou pral revize kèk ti konsèp nou prezante semèn sa a :

Pandan gwosès la :

- Li enpòtan pou asire w ke ou pa twò strese pandan gwosès la. Ti bebe ki anndan an ka santi ajan estresan jounen an, nan moman gwosès la, ou pou pran swen tèt ou.
- Li liv awotvwa pandan twazyèm trimès la, sa ap devlope entelijans lengistisk kay timoun lan. Ou pa gen tan li? Pale ak tibebe w la, chante chan, epi rakonte istwa oral.



Premye ane nan lavi:

- Pandan premye ane a, nou obsève yon kwasans rapid nan zòn nan pwosesis langaj kòm byen ke nan pati a nan sèvo a ki kontwole atansyon a, anpèchman ak fleksibilite nan timoun nan. Pandan tan sa a, li rekòmande pou estimile tibebe a nan bay opòtinite pou kominike avèk ou ak objè yo.
- Bay kontak po-a-po ak pitit ou.
- Kite ti bebe a manyen figi ou; nonmen chak karakteristik feminen pou tibebe w la.
- Angaje ti bebe a nan aktivite tankou lekti oswa jwe ak yon boul pandan li chita.
- Sèvi ak diferan bagay ki nan kay la, tankou jounal, pou fè bwi diferan pou ti bebe an.
- Fè son bèt pandan w'ap jwe avèk li, oswa li pou li; montre li yon imaj de yon bèt, lè sa a, asosye son an bèt la fè ak imaj la.
- Dekri aksyon ou pandan tout jounen an lè ou abiye, nourri, ak benyen ti bebe an. Sa a bay ti bebe a yon opòtinite pou koute son yo ak ritm nan diskou.
- Montre objè pandan wap mache epi pale ak ti bebe a.

Ane twa ak kat nan lavi:

- Jwenn yon ti boutèy dlo ranpli li ak objè diferan. Souke boutèy la epi dekouvri ti wòch, ak lòt objè ki nan men l 'yo. Asire w ke boutèy la byen sele e ranpli avèk atik ki apwopriye pou laj li.
- Danse tou piti. Louvri radyo a epi kontinye danse pou li!

Atelye pou paran pou pwogram radyo



- Jwe ak yon ti kras ou pandan wap nonmen diferan pati nan kò a ak montre'l yo. Se pou l idantifye ki pati nan kò a kew montrel. Ouka touche yon pati nan kò a epi mande l ' non pati ou touche a, epi apre fel touche yon pati nan kol poul diw non patil touche a.

Bagay ou dwe sonje: (5 mins)

Peryòd prenatal jiska laj 5 lane se yon peryòd kritik. Pandan peryòd sa a, sèvo timoun yo ap grandi pi vit epi yo toujou ap telechaje enfòmasyon ki soti nan anviwònman ki bò kote yo. Li posib pou etabli koneksyon debaz nan sèvo pita nan lavi yon timoun, men li mande plis travay epi li pi difisil.

Lè timoun yo nan yon anviwònman ki gen dezòd ak neglijan, kote pa gen moun kap ba yo bon swen, ka gen gwo enpak:

- Kriz estrès ka ralanti devlopman sèvo a, sitou devlopman lob fwontal yo, pati nan sèvo a ki responsab pou jije, kontwole enpilsyon, ak li endis sosyal lòt moun.
- Timoun ki nan mizè gen sèvo vreman diferan ak lòt timoun, ak zòn serebral ki pi piti epi mwens devlope nan sèvo a si pa gen entèvansyon ki fèt.
- Lè timoun yo ap enkyete sou kijan pou yo siviv, yo pa ka konsantre sou edikasyon, zanmi, ak lòt eleman kle nan yon anfans ki gen siksè.

Benefis yo nan yon atachman solid

- devlopman sèvo yon timoun komanse avek yon atachman solid ki gen yon enpak sou kapasite aprantisaj ti bebe ou
- Paran yo konnen bezwen tibebe yo (tankou dòmi, manje ak jwe)
- Ti bebe a devlope konfyans nan paran li yo
- Ti bebe a anvi aprann, eksplòre ak dekouvri mond ki bò kote l
- Paran yo gen plis konfyans ak pi byen kontwole emosyon yo



Haiti

SESYON 3

Tèm semèn nan	Objektif pou Semèn nan
Jesyon estrès	Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab jere estrès li.
Vokabilè	Materyèl yo
<ul style="list-style-type: none">- Jere : Simonte, fè fas.- Estrès : sitiasyon kote yon moun santi li pè.	Kreyon nwa, fèy blanch, kreyon koulè, kwonomèt
Apèsi sou Pwosedè	
Leson 1: Animatè a ap ede timoun yo idantifye sa ki fè li kontan. Repriz leson 1. Leson 2 : Animatè a ap ede timoun yo idantifye sa ki fè yo lapenn. Repriz leson 2. Revizyon.	
Rasyonèl	
Nan semèn nan, elèv la ap kapab jere estrès li.	
Suivi avèk Pwofesè yo	
Se la animatè a reflechi sou reyinyon an. Kisa ki te byen pase? Kisa yo bezwen amelyore? Kisa yo te remake? Elatriye. Kisa ou ka fè pou diferansyasyon (konsiderasyon yo ki baze sou kapasite pou pran angajman)?	



Leson 1	Repriz Leson 1	Leson 2	Repriz Leson 2	Revizyon leson 1 ak 2
Jesyon estrès				
<p>Salitasyon :</p> <p>P. Bonjou timoun mwen yo, mwen toujou kontan rejwenn nou chak lendi maten kote nou pral pase yon bon semèn ansanm.</p> <p>Maten an nou pral pale sou lajwa, ak kè kontan.</p> <p>Kiyès ki ka di m sa li santi lè yo fè l yon kado.</p> <p>Repons elèv : mwen kontan, mwen di mèsì.</p> <p>P: Chak kilè nou wè yo bay moun kado?</p> <p>Repons elèv yo : Yo bay moun kado, lè fèt yo, lè gran sè m pase lekòl, lè nou fè kè madanm nan kontan li ba nou kado tou ...</p> <p>P: Nou pral chwazi yon bagay sou biwo a pou nou pote bay youn nan tizanmi nou yo ki fè yon bagay kite byen nan klas la.</p> <p>P: N ap di li boujou n ap ba li kado a</p>		<p>Salitasyon</p> <p>P. Bonjou timoun mwen yo kòman nou ye? Yè nou te pale sou sa ki ka pote lajwa nan kè nou. Jodi a, nou pral pale sou kèk bagay ki fè nou lapènn oubyen ki ban nou estrès.</p> <p>P : Kòman nou santi nou lè yon moun rele sou nou oubyen kale nou ?</p> <p>Pou nou jwenn repons kesyon sa a, nou pral deplase lè mwen ban ou siyal la pou nou al poze ti kamarad nou yo kkesyon sa. Mwen men m m ap sikile nan mitan nou pou m ka tandè repons nou yo.</p> <p>P : Mwen pral fè yon modèl pou nou</p> <p>Konsiy : Lè mwen fè kri poul ki pral ponn ze n ap deplase (Kòt kòt), kou mwen fè kri pentad la n ap tounen nan wonn nan (toukwèt toukwèt)</p>		<p>ANIMATÈ a ap fè yon salitasyon nan youn nan salitasyon li te fè nan semèn nan. Si li vle, li ka fè yon lòt.</p> <p>Liv pou lekti awotwa :</p> <ul style="list-style-type: none"> Fanmiy Maya Andèy (Dechamps) <p>De kesyon pou konpreyansyon oral</p>



Haiti

<p>epi n ap di li felisitasyon pou bon aksyon li poze a. Epi gade kijan l ap reyaji lè l resevwa kado a.</p> <p>P : Mwen pral fè yon modèl pou nou</p> <p>Konsiy : Lè mwen frape men m 2 fwa moun ki bò goch mwen an ap deplase pou al chwazi sa lap bay kamarad li a. Lè m bat men m 3 fwa n ap refè wonn nan.</p>				
<p>Pataj</p> <p>P: Nou rive nan moman pataj la. Nou pral pataje sou jan nou santi nou lè yon ti kamarad pa vle jwe ak nou.</p> <p>P : Mwen pral fè yon modèl pou nou. Lè m fini n ap di: « ou pa poukont ou »</p> <p>P : Lè lòt timoun yo pa vle jwe avè m mwen chante tout ti chan mwen aprann lekòl la, sa mete lajwa nan kè m »</p> <p>P : Sa n ap di pou mwen</p>		<p>Pataj</p> <p>P: Nan pataj maten an nou pral pale sou sitiyasyon ki pote estrès pou nou, tankou lè : nou fè dezòd nou konnen yo pral reprimande nou, kase veso manman nou elatriye.</p> <p>P : Mwen pral fè yon modèl pou nou, lè m fini n ap di : « Pa fè sa ankò »</p> <p>P : Yè mwen te fache paske mwen pat renmen manje manman m te fè a. pou m pa manje m lage asyèt la atè li kase. Aprè mwen pè sa manman m pral di m.</p> <p>P : Sa n ap di pou mwen</p>		



Haiti

<p>Aktivite Gwoup P : Nou rive nan aktivite gwoup la. Nou pral kontinye travay sou fason pou jere estrès. P : Nou pral fè 2 gwoup, n ap mete nou youn anfas lòt. Moun ki agoch mwen yo ap gen pou misyon fè moun ki adwat mwen yo ri ak yon grimas oubyen nenpòt sa li jwenn pou rive fè sa. Aprè n ap chanje wòl. P : Kite mwen fè yon modèl ak Jinèt pou nou. P : Bravo tout moun te byen travay maten an.</p>		<p>Aktivite Gwoup P : N ap kontinye ak aktivite gwoup la sou jere estrès. P : Nou pral fè 5 ti gwoup. Chak gwoup ap chwazi yon grimas pou manm li fè. P : Pandan gwoup la ap fè grimas pa li a, lòt gwoup yo ap veye kiyès nan yo ki pa fè menm bagay ak tout lòt yo. Y ap mande moun sa a pou fè yo wèl. P : Jak, Matin, Erik vini pou m fè modèl ak nou. P : Felisitasyon nou te byen travay maten an.</p>		
<p>Eslogan: An nou viv ak kè kontan !</p>				